

Date : December 4, 2017

Nimewo Pwogram Nan : 1016

Tit Pwogram Nan : Jak 4:5-17

Mwen kontan resevwa w jodia ankò nan etid bibliik Atravè Labib. Vwayaj la jodia ap mennen nouinan Jak 4:5-17.

Jak se yon epit, sa vle di yon lèt, tout kout w ap jwenn nan fen Nouvo Kontra a. Li plase apre Ebre, ou jwenn : Ebre, Jak, 1 Pyè, 2 Pyè, 3 Pyè. Donk nou nan Jak 4 :5-17.

Annou pwoche kote Bondye Papa a nan lapriyè.

Nou pa gen ase mo pou remèsye W Senyè pou sa Ou fè nan lavi nou. Non sèlman Ou penmèt nou egziste men Ou gade, pwovni e pwoteje nou depi nan vant manman nou. Ou fè ni ti bagay ni gwo bagay, ni sa nou konnen, ni sa nou pa konnen pou kenbe nou anvi pou jodia nou ka moun nou ye. Nou pa gen ase mo, n'ap sèlman di sa nou konnen : Mèsi. Mèsi tou Senyè pou etid jodia, pou fason W va pale ak nou e fason W ap ede nou pratike sa nou tande yo nan lavi nou. Pa kite nou tande pou tande men tande nan obeyisans, tande pou yon objektif ki se fè w plezi. Ke nou chak ki la nan moman sa kapab jwenn yon ankourajman, yon egzòtasyon, yon mo fò, yon mo dou ; ke nou ka jwenn Pawòl ki bay lavi a, ke nou ka tande vwa W k ap pale ak nou, ke nanm aswafe nou an ka satisfè nan sous dlo fre ki pa janm sispann koule a. Se nan non Bondye Pitit la, Bondye Sovè e Senyè nou an k ap viv pou toutan gen tan an nou priye W, amèn.

Ou byenvini nan etid bibliik Atravè Labib, n ap etidye Jak 4 :5 :17.

Jak 4 :5 *Pa konprann se pou anyen yo ekri pawòl sa a nan Liv la: Bondye sitèlman renmen lespri li mete nan nou an, li fè jalouzi pou li.*

Pa twonpe tèt ou panse ou se dènye kras bon moun ki pa gen okenn anvi ou jalouzi nan kè w. Yon lè m te tandè yon dam ki di: « M gen yon trè bon mari. Li pa jalou pou mwen ditou. » Zanmi onètman kite m di w si w wè yon mari pa jalou pou madanm li enben g'on bagay ki pa nòmal. Si l' renmen l' tout bon, l'ap jalou pou li kanmenm. Bondye di Li jalou pou pitit Li yo. Men kisa n ka di sou move jalouzi a, lè pa egzanp yo pa chwazi w nan yon komite oswa w pa panse legliz la apresye sèvis ou jan l ta dwe fè l la ? Jak reponn solisyon an se pote pwoblèm lan bay Senyè Jezi e di l' tou sa ki sou kè w.

Jak 4 :6 *Men, li fè nou yon pi gwo favè ankò, jan sa ekri nan Liv la: Bondye pran pozisyon kont moun ki gen lògèy yo. Men, moun ki soumèt devan l', li ba yo favè li.*

M di sa plizyè fwa deja : Lagras Bondye pap janm fini. M pa kwè nou janm vrèman rive apresye jan Bondye grasye. Bondye gen gras an abondans. Yo defini lagras kòm yon favè imerite, men mwen menm m rele l lanmou an aksyon. Se pa avèk lanmou L Bondye te sove nou. Li te bay sèl pitit Li a, e se pa lagras nou sove. Gras Bondye tèlman abondan. Petèt ou ka di : « Mezanmi, m tèlman pa bon, m tèlman fè peche. » Ou mèt ale kote L, di L' jan ou se yon move plan, e mande L pou lagras ka regle sa. L ap ba w gras Li. Li se Kris vivan k ap entèsède pou ou sou bò dwat Bondye Papa a.

Atò ka gen moun ki ka doute de sirpli ki gen nan gras Bondye a. Men eske m ka fè w remake tout medikaman ki gen sou latè pa

© Trans World Radio

Traduction et Production : Storly Michel (SMProduction), mstorly@hotmail.com

ka geri yon moun malad, si malad la pa pran medikaman an ? Menmjan an tou Bondye chaje gras, ou ka vin pran nan piyay la si w vle. Li posib pou yon moun mouri ak swaf ak yon sous dlo byen fre bò kote l. Li bezwen pran dlo a, li bezwen bwè l anvan dlo a ka fè anyen pou li. M pa kwè se dlo ak savon ou bay pote chay moun k ap mache tou sal nan lari a, pa vre ? Gen kont savon ak dlo pou moun benyen. dlo a

« *Bondye pran pozisyon kont moun ki gen lògèy yo. Men, moun ki soumèt devan l', li ba yo favè li.* » Se nan kalite veyikil sa a gras Bondye a sikile, fòk se nan yon moun ki soumèt devan L'.

Jak 4 :7 *Se poutèt sa, desann nou devan Bondye. Men, pran pozisyon kont Satan, la kouri kite nou.*

Lè w al lakay doktè pou yon maladi, w oblije soumèt ou devan l. Yon lè m te malad, doktè a te ban m menm sis preskripsyon. Ak tout kantite medikaman sa yo, m ta ka di se yon moun ki vle anpwazone m men te fè l konfyans e te bwè tout konprime yo. Doktè a te ede m fè mye paske m te soumèt mwen devan l'. Menmjan an tou : « Desann nou devan Bondye. »

« *Men, pran pozisyon kont Satan, la kouri kite nou.* » Petèt w a mande kòman m pral fè reziste ou pran pozisyon kont Satan. Enben Jak kòm dabitid va reponn kesyon sa yon fason trè pratik. Li apèn di ke n bezwen plis lagras, fen vèsè 7 la di : «... *moun ki soumèt devan l', li ba yo favè li.* » Ki vle di, ou pap ka reziste Satan ak pwòp fòs ou. Se pa de move enfliyans, enfliyans nefas ki pa antoure nou. E tankou n te wè sa tout moun pase anba tantasyon. Men Bondye ofri lagras Li dapre bezwen nou yo, e L' pap janm pran pàn. Bondye di : « Me sa M fè w kado. Ou bezwen lonje men w pran l. »

Jak 4 :8 *Pwoche bò kot Bondye, Bondye va pwoche bò kote nou tou. Nou menm k'ap fè peche, lave men nou. Netwaye kè nou, nou menm k'ap woule de bò.*

Bondye deplase rive devan pòt kè w men L pa prale pi lwen san otorizasyon w. Li kanpe devan pòt la, tankou nenpòt moun de byen ta fè, L ap frape, se ou k pou vin louvri kite l antre. E l pap antre okenn lòt fason.

Yo di yon lè Martin Luther te lanse Satan yon kout ankriye. Gen moun ka di sa se bagay moun ki pa ben nan tèt, men l fè sans si w ap chache kenbe tèt ak Satan tout bon vre. Apot Jak di nou fason pou nou reziste Satan se pwoche pi pre Bondye. Satan pa ka pwoche ditou paske l' paka reziste prezans Bondye. Bondye twò limyè pou li ki se prens fènwa. Sèl fason pou Satan jwenn ou se lè w ale twò lwen Bondye. Yon lou pa janm atake yon ti mouton ki rete nan twoupou a nan prezans bèjè l. E plis ti mouton pre bèje a se plis li an sekirite. Pwoblèm an nou sèke n ale twò lwen Bondye.

Jak 4 :9 *Se pou nou gen lapenn nan kè nou, kriye, plenn sò nou. Pase pou nou ri, pito nou kriye. Pase pou nou kontan, pito nou nan lapenn.*

Gen kèk sitiyasyon ki pa mande kè kontan, men ki mande dlo nan je. Nou pa dwe jann pran peche ala lejè. Lè m tandè yon kretyen ap fè plezantri ak peche, m toujou gen enpresyon, dèyè rido a, lè pa gen moun k ap gade, yon fason ou yon lòt li enplike nan peche sa a. Ou pa dwe pran peche ala lejè zanmi, okontrè ou ta dwe pran lapenn pou yo. Pwoblèm nan jodia sèke peche pa prèske di nou anyen ankò, kretyen yo pa ni kriye ni pran lapenn pou peche yo.

Gen anpil gran predikatè e anpil bon sèvis evanjelik k ap fèt nan jou yo, men pouki pa gen yon gran revèy nan legliz nou yo ? M panse Jak ban nou matyè a reflechi ak sa l ap di nou isit la. Dr. McGee di l' sonje te poze Dr. John Brown, ki te yonn nan gran evanjelis nan tan pase yo, menm kesyon sa tou. Li di pandan nou te chita sou galri devan lakay li nan vil Diloam Springs nan eta Arkansas, Ozetazini, m mande l' poukisa evanjelizasyon pa reveye legliz la menmjan sa te ye ak lè l te aktif nan ministè a. Li pale m sou yon sèvis ke l' te genyen nan vil Pasadena nan eta Kalifòni kote yo te moute yon tant nan yon gran teren vid ant ri Washington ak Holliston. Li di m : « Dr. McGee, m te pase sis semèn ap preche moun legliz yo anvan m te eseye envite yon moun ki poko konvèti vin jwenn Kris, answit yon revèy te eklate nan legliz yo. » Dr. McGee di menm lontan apres lè l te vin sèvi kòm pastè nan vil Pasadena, li te kontiye wè efè revèy pastè Brown te pwovoke nan legliz sa. Poukisa ? « Pour la simple et bonn raison » ke l te adrese pwoblèm peche nan lavi kretyen yo anvan. Melerezman anpil fwa nou pa fè sa. Men zanmi tankou apot Jak di nou bezwen pran lapenn pou peche nou yo.

Jak 4 :10 *Desann nou devan Bondye, Bondye va leve nou.*

« Bondye va leve nou. » Se pwoblèm an nou sa. Nou panse n'entelijan ase. Nou panse nou fò ase. Nou panse nou kapab. Nou panse nou se bondye. Bondye di nou pa bondye. Pa gen anyen nan nou ki atire L' kanta pou sa nou fè ki bon ; se sèlman bezwen dezespere nou an ki atire L. Si nou dakò desann nou devan L' e mete nou nan pozisyon kote L' ka elve nou, Li va efektivman elve nou.

Yon lè m te wè yon « lifeguard », moun ki la pou pote moun k ap nwaye sekou, ki te bay yon nèg k ap nwaye yon kout pwen pou endispoze l'. Sovtè a esplike nèg ki t ap nwaye a te tèlman ajite ke l' pa t ap ka ede l san l' pa netralize l'. M panse menmjan tou

© Trans World Radio

Traduction et Production : Storly Michel (SMProduction), mstorly@hotmail.com

Bondye blije bannou yon bon kout pwen pou bese tansyon pou penmèt li pran kontwòl sitiyasyon an pou ede nou.

Jak 4 :11, 12 Frè m' yo, piga nou yonn pale lòt mal. Moun ki pale yon frè mal, osinon ki jije frè li, se lalwa li pale mal, se lalwa li jije. Si w'ap jije lalwa, ou pa yon moun k'ap obsève lalwa, men ou pran pòz jij ou sou li.

Se Bondye ki fè lalwa. Se li menm tou ki sèl jij. Li gen pouvwa sove moun, li gen pouvwa kite yo pèdi. Men, ou menm k'ap jije frè parèy ou, ki moun ou konprann ou ye?

Si w jije frè ou, ou dezobeyi lalwa, se tankou si w mete tèt ou anwo lalwa e trete l ak mepri. Ki moun ou panse w ye ? Lè w kòmanse pale konsa, se tankou si w ap pwoche mete w nan pozisyon pou w pran plas Bondye. Gen de kalite moun nan jou nou yo k ap eseye chache pran plas Bondye. Yonn se pechè k ap di : « M tèlman bon moun m pa ka pa sove. Jezi mèsèi bokou men m pa bezwen delivrans ou a. Fè yon ti avanse m pral monte chita sou twòn nan bò kote w. Se mwen ki pwòp sovè tèt mwen. » Men zanmi Labib di se yon sèl Sovè ki genyen : Jezikri. Donk moun sa yo nan lerè. Dezyèm gwoup la se moun sa a k ap mache jije tout lòt moun nan. Li pa jij tèt li non, men l jije tout lòt moun. Enben Jak ap di se sèl Bondye ki dwa jije. Senyè Jezi te deklare nan Jan 5 :22 : « *Papa a pa jije pesonn, men li bay Pitit la tout pouvwa pou jije.* » Gen moun lè m di sa konsa ki ka panse se derespèktan men anfèt se sa anpil nan ou di Senyè a, n ap di l : « Avanse, ban m ede W. Fòme yon konsèy jiridik e m va yonn nan jij yo. » Gen anpil kretyen se konsa yo, yo panse se yo ki jij la. Ala yon bèl gwoup jij nou ta ba Senyè a pou lakou siprèm li a ! Jak di si nou gen pou jije, se pwòp tèt nou pou nou jije e nou bezwen pwoche kote Senyè a nan imilite.

Jak 4 :13 *Koulye a, se ak nou m'ap pale, nou menm k'ap di: jòdi a osinon denmen, n'a pral nan tèl lavil. Rive la, n'a pase yon lanne, n'a fè kòmès ak anpil benefis.*

Sa se yon lòt bagay kretyen yo renmen fè, nou renmen planfiye davans, planfiye pou bagay k ap vini byen lwen yo. Dr. McGee di sa te pran l' anpil tan nan vil anvan pou l' te rive vin yon jan pi fleksib ak ajanda l'. Li di an jeneral li planfiye angajman pale li yo byen alavans, men l' di pandan l' te malad grav la li te oblije anile kèk nan yo. Sa pa t' fè l' plezi anile yo men Senyè a te atire atansyon l sou pasaj sa a, Jak 4 :13 ki di : « *Koulye a, se ak nou m'ap pale, nou menm k'ap di: jòdi a osinon denmen, n'a pral nan tèl vil pou fè yon konferans bibliik. Rive la, n'a pase yon bon moman e kwè sa se volonte Bondye.* » Bon kòm ou ka wè sa pa konsa Jak di sa vre men se konsa Senyè a te fè m konprann li.

Jak 4 :14 *Nou pa menm konnen sa lavi nou va ye denmen. Lavi nou tankou yon nwaj. Li parèt pou yon ti tan. Apre sa, li disparèt.*

Jak di nou pa konn sa demen ap pote. Kisa lavi nou ye ? Jak reponn : « *Lavi nou tankou yon nwaj. Li parèt pou yon ti tan. Apre sa, li disparèt.* » Dr. McGee di gen anpil bouya kote l'ap viv nan pati lwès Etazini an. Li di ou ka ap kondi pandan yon bèl jounen kote lanmè a ble kon digo e syèl prèske osi ble ke lanmè a men si w rete pase nwit lan nan yon lotèl nan zonn lan lè w leve demen maten ou ka pa menm wè kote pou w pran tèlman gen bouya. Lavi se tankou yon nyaj ou yon bouya akote yon mòn, li enstab, li efemè e l tamporè.

Lavi imèn lwen ou san Bondye se pi gwo echèk ki gen nan linivè Bondye a. Tout lòt bagay nan kreyasyon an itil e ranpli wòl yo te kreye pou li a. Solèy la nan syèl se yon pwodij ak kantite enèji li emèt, byenke se yon ti kras ase nou itilize ladann. Lalin nan tou

ranpli wòl li, gen peyizan jouk jodia se lalin lan ki endike yo ki lè pou yo plante, gen moun menm se lalin lan ki fè yo marye jodia. Gen yon poèt ki di : « Se sèl lòm ki vilen. » Lavi imèn san Bondye se se yon echèk total kapital. Yonn nan rezon ki esplike sa se jan lavi lòm kout. Se twa nòt ak dizan ase yo bannou, si nou gen chans depase sa se doulè ka kò fè mal k ap tann nou. Oooo ala lavi lòm sou latè kout ! Gen anpil nan nou ki pa janm vrèman aprann jan pou nou viv isit sou latè.

Jak 4 :15 *Okontrè, men sa pou nou te di: Si Bondye vle, n'a wè denmen, n'a fè sa osinon sa.*

Se nan men Bondye lavi nou ye.

Jak 4 :16 *Men, koulye a nan grandizè nou, se vante n'ap vante tèt nou. Se yon move bagay pou moun vante tèt yo konsa.*

Lòm pa ka vante tèt li, si l' fè sa se peche.

Jak 4 :17 *Se poutèt sa, moun ki pa fè byen li konnen li gen pou l' fè a, li fè peche.*

Gen yon bon kantite moun jodia k ap fè peche e ki pa menm konn sa. Si nan sèten ka ou konnen pou w fè yon bagay ki se yon bon bagay, sa vle di ou konnen byen pwòp se ou ki pou ta fè yon bagay pou ede yon koz e w gen mwayen pou fè l, epi w pa fè l enben Jak di sa se peche.

Lavi sou latè kout anpil, nou pa ta dwe pèdi tan nou divizyon, lanvi ak jalouzi. Bagay sa yo se gate yo gate yon vi. Nou bezwen vini kote Senyè Jezi, renmèt li tout lavi nou, e kòmanse vrèman viv. Senyè Jezi Li menm te deklare nan Jan 10 :10 : « d » Li ta renmen ba w bon lavi a, lavi reyèl, lavi abondan, lavi nan Kris. Eske se kalite lavi sa a w ap viv ?

© Trans World Radio

Traduction et Production : Storly Michel (SMProduction), mstorly@hotmail.com

M espere w ka reponn pozitivman a kesyon sa sinon pwofite de moman jodia, de kounyea menm, pou renmèt Senyè a lavi ou. Ou kapab pwoche kote L' avèk yon senp priyè kote w ap konfese ou se peche, mande l' padon pou w peche yo, di L' ke ou asepte sakrifis Senyè Jezi te fè sou lakwa pou ou e nan plas ou. Answit chache yon moun ki deja konvèti pou ka oryante w e ede w grandi nan lafwa.

Se avèk envitasyon ke n'ap mete yon bout nan etid jodia, se te yon gran plezi pou nou te ansanm n'ap kite w' avèk lapè e lagras Bondye.